



# STATE OF FLORIDA DIVISION OF EMERGENCY MANAGEMENT



## AVI NONDISKRIMINASYON

Florida Division of Emergency Management respekte lwa Dwa Sivil Federal è li devouwe pou founi pwogram ak sèvus ku ti san oken diskriminasyon an selon:

- *Tit VI Akt [Lwa] Dwa Sivil 1964*, ki entèdi diskriminasyon baze sou **ras, koulè, oswa orijin nasyonal** (enkli ak **lang**),
- *Seksyon 504 Akt [Lwa] Reyabilitasyon 1973*, ki entèdi diskriminasyon baze sou **enfimite**.
- *Tit IX Akt [Lwa] Amandman Edikasyon 1972*, ki entèdi diskriminasyon baze sou **sèks** nan pwogram oswa aktivite edikasyon.
- *Akt [Lwa] Diskriminasyon Laj 1975*, ki entèdi diskriminasyon baze sou **laj**.
- *Reg 6 C.F.R. Pati 19. Depatman Sekrite Teritwa Ameriken*, ki entèdi diskriminasyon baze sou **relijyon** nan pwogram sèvis sosyal.

### Pou Anrejistre yon Plent

Florida Division of Emergency Management (FDEM) sa bay yon avi piblik ke se politik Ajans la pou asire tout konfòmite ak Tit VI Lwa 1964 pou Retablisman Dwa Sivil yo, Lwa 1987 pou Retablisman Dwa Sivil yo, ak lwa ak règleman ki gen rapò ak tout pwogram ak aktivite yo. Lwa ak règleman sa yo egzije pou okenn moun pa dwe eskli nan patisipasyon, refize benefis, oswa sibi diskriminasyon nan nenpòt pwogram pou MCAQD resevwa asistans finansye federal, akòz ras, koulè, sèks, orijin nasyonal, laj, oswa andikap.

Nenpòt moun ki kwè ke yo te fè diskriminasyon kont yo anrapò ak pwogram oswa aktivite FDEM ka pote yon plent. Plent sa a dwe fèt alekri epi li dwe soumèt bay Kowòdonatè Pwogram FDEM pou Non-Diskriminasyon an nan san katreven (180) jou apati dat yo swadizan diskriminasyon an te fèt. Ou ka jwenn fòm reklamasyon FDEM lè w kontakte:

### Enfòmasyon ak Sèvis pou Moun ki Enfim ak Moun ki Konesans Angle ki Limite

Florida Division of Emergency Management

- Bay èd ak sèvis gratis, kouwe entèprèt ki kalifye nan langaj moun ki bebe ak enfòmasyon a lekri nan lòt fòm (an gwo karaktè, òdyo, fòm elektwonik ki aksesib, elatriye), pou byen kominike ak moun ki gen enfimite.
- Bay sèvis lang gratis, kouwe entèprèt ki kalifye nan lang etranje ak enfòmasyon a lekri nan lòt lang, pou asire ke moun ki gen konesans limite nan Angle ka gen bonjan aksè a pwogram ak ativite ki disponib pou yo.

Si ou bezwen sèvis sa yo, tanpri kontakte:

Nondiscrimination Program Coordinator  
Florida Division of Emergency Management  
2555 Shumard Oak Boulevard  
Tallahassee, FL 32399  
850-815-4181  
nondiscriminationprogram@em.myflorida.com